

Resi Otoklarasyon pou Patisipan Pwogram Asistans Manje ann Ijans (Emergency Food Assistance Program, TEFAP) la (Rev. 7/24)

W ap konfime aloral ke enfòmasyon ki annapre yo kòrèk:

- 1. Ou rezidan nan Eta Connecticut.**
- 2. Revni ou touche a nan nivo oswa anba limit brit (anyèl) pou kantite moun ki nan fwaye kay ou an anba la a:**

Tablo anba a montre yon revni brit anyèl pou chak gwosè fanmi. Si revni fwaye kay ou an nan nivo oswa anba revni ki liste pou kantite moun nan fwaye kay ou an, ou elijib pou resevwa machandiz TEFAP yo.

Gwosè Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8*
Revni Anyèl	\$45,180	\$61,320	\$77,460	\$93,600	\$109,740	\$125,880	\$142,020	\$158,160

- Pou chak moun anplis, ajoute \$16,140

Direktiv sou revni yo reflekte 300% limit povrete federal la, dènye mizajou 1/07/2024

Ou elijib pou resevwa machandiz TEFAP yo, si fwaye kay ou patisipe nan nenpòt nan pwogramki annapre yo:

Pwogram Asistans Nitrisyonèl Sipleman (Supplemental Nutritional Assistance Program, **SNAP**), Fanm, Tibebe ak Timoun (**WIC**), Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, **TANF** oswa **TFA**), Asistans nan Enèji, HUSKY Health/Medicaid, Pwogram Seksyon 8 Asistans nan Lwaye (Section 8 Rental Assistance Program), Asistans Jeneral Eta a Administre (State Administered General Assistance, **SAGA**), ak Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, **SSI**).

- 3. Ou pral rapòte nenpòt chanjman nan moun lakay ou oswa nan revni anvan pwochen vizit la.**

Deklarasyon USDA Kont Diskriminasyon (Swit)

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele 866)-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmasyon Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa:

- (1) pa lapòs:** U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; oswa
- (2) faks:** (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) imèl:** program.intake@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

Yo te bay dokiman sa a an rapò ak resepsyon Asistans Federal nan men Pwogram Asistans Manje Tanporè (Emergency Food Assistance Program, TEFAP). Ofisyèl pwogram yo gendwa verifye kisa ki te oto-deklare nan dokiman sa a. Yo ba w dokimantasyon sa a antanke validasyon deklarasyon elijibilite w. Si ou fè fo deklarasyon, ou ka dwe repeye Ajans Eta a valè manje yo ba w yon fason san jisitifkasyon reyèl epi yo gen dwa pouswiv ou devan yon tribinal sivil oswa penal dapre Lwa Eta a oswa Lwa Federal.